चेतना समिति पटना केर कार्यकारिणी बैसार दिनांक 07 दिसंबर 2005 कय श्री विवेकानंद झा, अध्यक्ष, चेतना समिति, पटना के अध्यक्षता मे संपन्न भेल जाहि में, मिथिला–मैथिल हित में महत्त्वपूर्ण निर्णय लेल गेल।

बैसार में सचिव श्री जयदेव मिश्र, उपाध्यक्ष श्री उमेश मिश्र, श्रीमती मंजू झा, श्री विपेंद्र झा 'माधव', संयुक्त सचिव श्री सतीश चंद्र झा, श्री मनोज कुमार झा, संगठन सचिव सुश्री प्रियंका मिश्र, कार्यकारिणी सदस्य श्री किशोर चौधरी, श्री प्रशांत कुमार मिश्र, श्री प्रशांत कांत, श्रीमती रेवा झा, श्री राजीव कुमार झा, श्री हरि नारायण ठाकुर आदि तथा विशेष आमंत्रित सदस्य प्रो. शैलेन्द्र मोहन झा, श्री अवधेश झा आदि उपस्थित रहलाह।

बैठकक शुरुआत सुचारू रूपे भेल।

बैसार में सामाजिक, सांस्कृतिक आ भाषिक उत्थान संबंधी विभिन्न महत्त्वपूर्ण प्रस्ताव प्रस्तुत कएल गेल, जाहिमें अधिकांश प्रस्ताव ध्वनि-मत सँ पारित कएल गेल।

विद्यापति स्मृति पर्व सफल — सदस्य सभक योगदान सराहनीय

बैठक में जनतातरफ अपन विशेष पहचान बनौने विद्यापति स्मृति पर्व कैँ तमाम बाधा-बिपत्ति सँ बावजूद अपार सफल मानल गेल। समिति द्वारा सभ सदस्यक योगदानक विशेष प्रशंसा कएल गेल।

मिथिला भवन निर्माण पर प्रगति

बैसार में मिथिला भवन निर्माण संबंधी चयनित वेंडरक विस्तृत जानकारी प्रस्तुत भेल। समिति एहि महत्त्वपूर्ण परियोजना कैँ शीघ्र गति देबाक पक्ष में अपन सहमति प्रकट केलक।

जागरण यात्रा आ जनगणना में मैथिली

चेतना समिति द्वारा “जागरण यात्रा” तहत मिथिलाक ग्रामीण आ शहरी क्षेत्र में भाषा–साहित्य–संस्कृतिक कार्यक्रम आयोजित करबाक घोषणा भेल।

संगहि आगामी जनगणना में मातृभाषा ‘मैथिली’ दर्ज कराबय लेल व्यापक जन-जागृति अभियान चलाओल जायबाक निश्चय भेल।

विद्यापति रचनासभक अंग्रेजी अनुवादक उप-समिति

महाकवि विद्यापति केर अमूल्य साहित्यक अंग्रेजी अनुवाद हेतु तीन सदस्यीय समिति गठनक निर्णय लेल गेल।

प्रतिमाह कला–साहित्य कार्यक्रम

छात्र-छात्रा आ इच्छुक महिला/पुरुष सभ लेल प्रतिमाह

गीत-संगीत, कला, वाद-विवाद आ क्विज प्रतियोगिता आयोजित करबाक घोषणा भेल।

नियमित साहित्यिक गोष्ठी आ परिचर्चा सेहो अविरल रूपे चलैत रहत।

लोकसंस्कृतिक संरक्षण आ नाट्योत्सवक तैयारी

समिति मिथिलाक लोक संगीत, पारंपरिक गीत, लोक नृत्य आ शास्त्रीय साहित्य के संरक्षण दिशा में विशेष अभियान चलायत।

मैथिली नाट्य कलाक प्रोत्साहन हेतु नाट्योत्सवक आयोजनक सहमति सेहो देल गेल।

"साहित्य महाकुंभ" सहित बड़का आयोजनक तैयारी

असम मिथिला महोत्सवक सफलता सँ प्रेरित भ’ कए समिति आब विभिन्न राज्यक सांस्कृतिक संस्थाक सहयोग सँ संयुक्त कार्यक्रम करयबाक योजना बना रहल अछि।

देश भरिक साहित्यकार, कवि, पत्रकार आदिक विशाल जुटान संग “साहित्य महाकुंभ” आयोजित करबाक निर्णय सेहो लेल गेल।

अन्य महत्त्वपूर्ण निर्णय

समिति पुस्तकालयक डिजिटलीकरण

निःशुल्क स्वास्थ्य शिविर आयोजित करबाक योजना

निष्क्रिय मैथिली अकादमी कैँ पुनः सक्रिय कराबय हेतु पत्राचार

अखिल भारतीय मैथिली सम्मेलनक आयोजन

कालिदास स्मृति समारोह पर विचार-विमर्श

मिथिला भवन अतिथि गृहक रियायती शुल्क योजना

सरकारी–गैरसरकारी संस्थान में कार्यरत मैथिल अधिकारी सभ संग विशेष बैठक

पत्रकार सम्मेलन आ मीडिया कॉन्क्लेव

समिति द्वारा प्रदान कएल जाएवाला सम्मानक चयन प्रक्रिया में संशोधन

विभिन्न कार्यक्रमक सूची आ आयोजन योजना में आवश्यक सुधार पर विचार

बैसारक प्रस्ताव पारित

बैसारक सभ प्रस्ताव सचिव श्री जयदेव मिश्र द्वारा प्रस्तुत कएल गेल, जेकरा सदस्य सभ ध्वनि-मत सँ पारित केलखिन।

अध्यक्षीय उद्बोधन में श्री विवेकानंद झा कहलनि — "अहाँ सभक सहयोग सँ हम सब चेतना समिति के कार्य केँ लगातार आगू बढ़ा रहल छी। विद्यापति समारोह बहुत निक जका सम्पन्न भेल। मुदा एक बात विशेष रूपे निवेदन करब—चेतना समिति में कुल 182 सदस्य छथी, जे 'मिथिलाक प्रतिनिधि मंडल' जका छथि; एहि अनुरूप उपस्थिति सेहो सुनिश्चित होबाक चाहि।"

अंत में चेतना समितिक आजीवन सदस्य स्वर्गीय श्री विभूति नाथ झा क निधन पर बैसार में शोक व्यक्त कएल

गेल आ मौन धारण करैत श्रद्धांजलि अर्पित कएल गेल।

जयदेव मिश्र

सचिव, चेतना समिति पटना